

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Kiwari karya sastra geus réa jenisna di antarana karya sastra wangun prosa minangka hasil tina eksprési manusa ngaliwat média basa, pikeun muka gerbang asup kana kasusastraan anu pinuh ku ma'na jeung imajinasi. Sastra téh lain saukur kecap anu disusun kalawan éndah tapi karya sastra ogé minangka eunteung tina kahirupan, pamikiran, jeung rasa anu dikedal pon kitu deui di jerona loba ajén-ajén kahirupan.

Sastra téh minangka hasil tina kagiatan basa anu sifatna imajinatif, boh dina kahirupan anu kagambar di jerona, boh dina hal basa anu dipaké pikeun ngagambarkeun kahirupan Faruk (dina Dian Syahfitri, 2018: 1). Sedengkeun pamadegan nurutkeun Taum (dina Syahfitri, 2018: 1) sastra minangka karya cipta atawa fiksi dumasar kana pamikiran pangarangna sarta dina karya sastra dipaké basa anu éndah.

Kecap sastra asalna tina basa Sangsakerta nyaéta sas jeung tra. Sas hartina: ngarahkeun; ngajardeun; ngawulangkeun; méré pituduh atawa paréyah. Tra nyaéta kecap ahiran anu biasa nuduhkeun alat; pakakas; sarana (device). Jadi upama dihijkeun sastra miboga harti pakakas pikeun miwulang; buku pituduh atawa buku pangajaran Isnendés, (2010:1). Sastra minangka tulisan téh nyaéta tulisan anu miboga eusi di jerona, sastra téh mangrupa tulisan imajinatif dina harti fiksi, tulisan anu teu ngandung bebeneran sacara harfiah Eagelton (dina Koswara, 2013:4).

Dumasar kana wanguanna, karya sastra aya tilu rupa nyaéta prosa, puisi, jeung drama. Lian ti éta aya dumasar gelarna anu dibagi jadi dua aya sastra heubeul jeung sastra anyar. Carpon kaasup kana karya sastra wanda anyar lantaran dina carpon ilaharna maké wanda basa Lancaran. Carpon mangrupa karangan fiksi atawa rekaan nu galur caritana relatif basajan. Hal éta lantaran jumlah kajadian dina carina henteu réa, museur kana hiji kajadian, tur palakuna ukur dua atawa tilu urang. Jejer jeung latar (setting) carita pondok mah napak dina alam kahirupan kiwari, béda jeung dongéng (Isnendés 2010: 29).

Karya sastra ogé miboga peran sosial anu signifikan. Sastra bisa jadi média pikeun masarakat dina nepikeun pamikiran atawa kamandang pikeun masarakat, pulitik, jeung ajén-ajén anu dianut. Ku cara ngagambarkeun bebeneran sacara kréatif dumasar kana pamahaman jeung imajinasi pangarangna. Dina sastra ogé loba ajén-ajén, norma jeung konflik anu aya dina hirup kumbuh manusia. Karya sastra lain saukur ngagambarkeun kajadian jeung karakter, tapi karya sastra ogé nala'ah kana dinamika sosial anu ngawangun struktur masarakat, sajarah, tradisi, jeung budaya tina unggal kamekaran jaman, anu mana jadi pangaweruh anu mangpaat dina kahirupan sosial masarakat.

Salasahiji ajén anu aya dina kahirupan manusia nyaéta ajén moral. Ajén moral nyaéta salah sahiji aspek anu kapangaruhan ku ayana ajén-ajén budaya nu sumbernya tina pangaruh modérn. Di sagédéngéun éta, lantaran lumangsungna dina prosés globalisasi nu antukna ayana degradasi atawa turunna moral bangsa urang. Éta jadi hiji hal anu teu bisa dipisahkeun dina arus globalisasi di jaman kiwari (Muthohar, 2016: 325).

Data ngeunaan ajén moral dina kumpulan carpon Jampé Ngimpi karya Mamat Sasmita aya patula-patali jeung moralitas mangsa kiwari. Anu mana saacan dijieu ieu buku téh, carpon-carpon anu aya dina ieu kumpulan carpon téh kungsi dimedal dina média koran, internet jeung majalah antara taun 2011 nepi ka 2018 sarta dina ieu carpon téh ngagambarkeun kaayaan mangsa harita atawa kaayeunakeun. Salian ti medar ajén moral, bari dipedar ogé ngeunaan struktur carponna. Dina prakna nalika nalungtik hiji karya sastra teu leupas tina ulikan struktural. (Isnendés, 2010: 91-92) karya sastra mangrupa struktur anu otonom. Lantaran karya sastra téh mangrupa struktur anu otonom ku kituna ngan bisa dicangkem maksud tina eusina kudu sageblengna nu diwangun ku unsur-unsur strukturalisme. Tiori anu dipaké nyaéta tiori Robert Stanton anu ngawengku téma, fakta carita (galur, tokoh, jeung latar) jeung sarana sastra (judul, puseur implengan, jeung gaya basa).

Katitén yén geus teu ahéng deui mun réa nu nalungtik ngeunaan ajén moral dina karya sastra. Aya sawatara panalungtikan saméméhna anu ngaguar ngeunaan ajén moral dina wangun skripsi, di antarana “Ajén Moral dina Novel Si Bohim Jeung Tukang Sulap Karangan Samsoedi Pikeun Bahan Pangajaran Maca Novel di SMP (Ulikan Struktural jeung Filsafat Moral)” ku Haryanti (2020). “Dongéng-

Dongéng di Kacamatan Sadananya Kabupatén Ciamis Pikeun Bahan Pangajaran Maca Dongéng di SMP (Ulikan Struktural jeung Ajén Moral)” ku Jejen Jenab (2020). “Kumpulan Carpon Wasiat Indung Kaya Deni Hadiansah (Ulikan Struktural jeung Ajén Moral) ku Al Fahmi (2022). “Struktur jeung Ajén Moral dina Naskah Drama Panti Jompo Karya Hidayat Suryalaga” ku Nurseptyatami (2023). “Kumpulan Carpon Surat Ti Palmira Karta Hadi AKS (Ulikan Struktural jeung Ajén Moral) ku Iqbal Fathoni (2023).

Nilik kana panalungtikan saméméhna, panalungtikan ngeunaan ajén moral lolobana dipatalikeun jeung pangajaran boh di SMP boh di SMA. Lian ti éta, panalungtikan ngeunaan ajén moral aya ogé anu henteu dipatalikeun jeung pangajaran. Sok sanajan kitu dina ieu panalungtikan miboga objék panalungtikan anu béda, anu mana tangtu dina hasilna moal sarua. Objék anu dipaké dina ieu panalungtikan nyaéta Carpon Jampé Ngimpi karya Mamat Sasmita, henteu dipatalikeun jeung pangajaran lantaran di jerona loba nyaritakeun kaayaan masarakat jeung sindir ngeunaan pulitik. Dumasar kana tinibangan ieu panalungtikan anu baris dilaksanakeun téh miboga Judul “Ulikan Struktural jeung Ajén Moral dina Kumpulan carpon Jampé Ngimpi Karya Mamat Sasmita.”

1.2. Idéntifikasi jeung Rumusan Masalah

Dina ieu bagian bari dipedar indéntifikasi jeung rumusan dina ieu panalungtikan saperti di handap.

1.2.1 Idéntifikasi Masalah

Idéntifikasi masalah dibutuhkeun sangkan ieu panalungtikan bisa leuwih gembleng jeung museur. Lantaran ieu panalungtikan baris medar leuwih teleb ngeunaan struktur carita jeung ajén moral dina eusi buku kumpulan carpon Jampé Ngimpi karya Mamat Sasmita.

1.2.2 Rumusan masalah

Dumasar kana idéntifikasi masalah di luhur, rumusan masalah dina ieu pananglutikan nyaéta kieu.

- 1) Kumaha struktur (téma, fakta carita, sarana sastra) dina buku kumpulan carpon *Jampé Ngimpi* karya Mamat Sasmita?

- 2) Naon waé ajén moral anu kaparaluruh dina buku kumpulan carpon *Jampé Ngimpi* karya Mamat Sasmita?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Tujuan ieu panalungtikan ngawengku dua tujuan nyaéta; 1) Tujuan umum jeung 2) tujuan husus.

1.3.1 Tujuan Umum

Tujuan Umum ieu Panalungtikan nyaéta pikeun mikanyaho struktur carita jeung ajén moral dina buku kumpulan carpon *Jampé Ngimpi* karya Mamat Sasmita

1.3.2 Tujuan Husus

- Sacara husus, ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun ngadéskripsikeun;
- 1) Struktur carita (tema, fakta jeung sarana sastra) anu aya dina kumpulan carpon *Jampé Ngimpi* karya Mamat Sasmita;
 - 2) Mikanyaho ajén moral anu nyampak dina kumpulan carpon *Jampé Ngimpi* karya Mamat Sasmita.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

Mangpaat tina ieu panalungtikam ngawengku dua aspék, nyaéta; 1) mangpaat tioritis, jeung 2) mangpaat praktis.

1.4.1 Mangpaat Praktis

- Mangpaat anu dipiharep dina ieu panalungtikan;
- 1) Pikeun kamekaran élmu pangaweruh tur bisa ogé pikeun sumber référensi pikeun mahasiswa basa jeung sastra; leuwih ngajembarkeun paélmuan sarta pangaweruh ngeunaan karya sastra;
 - 2) pikeun lembaga kasundaan, sangkan leuwih ngeyeuban hasil panalungtikan sastra Sunda; jeung
 - 3) paguron luhur, ngeyeuban deui panalungtikan dina widang karya sastra, hususna anu ngandung ajén moral anu aya patalina jeung karya sastra.

1.4.2 Mangpaat Tioritis

Sacara tioritis, ieu panalungkitan dipiharep jadi salah sahiji karya ilmiah anu bisa ngeuyeuban pangaweruh sastra, hususna dina ajén moral sarta dijadikeun padeudeul dina maham jeung aprésiasi karya sastra Sunda.

1.5 Raraga Nulis

Ieu skripsi téh disusun jadi lima bab. Bab I aya bubuka anu eusina ngébréhkeun ngeunaan kasang tukang tina masalah anu ditalungtik, rumusan masalah, tujuan panalungtikan anu ngawengku tujuan umum jeung tujuan husus, mangpaat panalungtikan anu ngawengku mangpaat tioritis jeung mangpaat praktis, sarta aya raraga nulis dina nyusun ieu skripsi.

Dina Bab II eusina ngeunaan tiori-tiori anu dipake pikeun ngarojong ieu panalungtikan ngawengku carpon, ajén moral jeung strukturalisme.

Dina Bab III eusina ngeunaan métode panaungtikan, sumber data, désain panalungtikan, instrumén panalungtikan, jeung téhnik ngumpulkeun data.

Dina Bab IV eusina ngeunaan data jeung pedaran hasil panalungtikan, hasil ngolah data anu ngawengku struktural jeung ajén moral dina carpon *Jampé Ngimpi* karya mamat Sasmita.

Dina Bab V eusina ngeunaan kacindekan jeung rékoméndasi. Panalungtik nyieun kacindekan hasil analisis sarta rékoméndasi pikeun panalungtikan lianna.